

ENFÒMASYON OSIJÈ CELLA POU PARAN YO

KISA CELLA A YE ?

CELLA, Evalyasyon Konplè Aprantisaj Lang Angle (Comprehensive English Language Learning Assessment), se yon tès pou elèv Laflorid ki klase kòm Elèv k ap aprann Lang Angle (English Language Learners – ELLs). CELLA a mezire pwogrè ki fèt nan konpetans pou konprann, pale, li ak ekri Angle.

CELLA A GEN KAT (4) NIVO :

Nivo A pou jadendanfan rive 2yèm ane,
Nivo B pou 3yèm ane rive 5yèm ane,
Nivo C pou 6yèm ane rive 8yèm ane, e
Nivo D pou 9yèm ane rive 12yèm ane.

KONBYEN FWA ELL YO PASE TÈS CELLA A?

ELLs yo pase tès CELLA a chak ane jistan yo klase yo kòm moun ki konpetan nan lang Angle.

KIJAN YO BAY TÈS LA ?

Elèv nan jadendanfan yo pase toulè kat (4) seksyon tès la an tètèt avèk yon pwofesè. Elèv ki nan 1ye ane rive nan 12yèm ane pase pòsyon oral tès la an tètèt avèk yon pwofesè; pòsyon konpreyansyon, lekti ak ekriti yo, se an gwoup yo pase yo.

A KISA NÒT TÈS CELLA YO SÈVI ?

Nòt tès CELLA yo

- bay pwofesè yo ak paran yo enfòmasyon sou fason yon elèv ap pwogrese nan lang Angle a. Pwofesè a sèvi ak enfòmasyon sa yo pou deside moman kote elèv la kapab sòti nan pwogram Angle pou Moun ki Pale Lòt Lang nan (English for Speakers of Other Languages – ESOL).
- bay enfòmasyon sou fason lekòl yo ak sektè eskolè yo ap reponn bezwen ELLs yo.
- bay òganis edikasyon ak piblik la enfòmasyon sou konpetans ELLs yon an lang Angle a ak pwogrè yo fè chak ane lekòl.

KONSÈY POU PREPARE POU TÈS CELLA A

Pitit ou devlope konpetans nan lang Angle chak jou. Men kèk konsèy pou ede pitit ou a aprann piplis, ak pou ede l jou l ap pase tès CELLA a.

KONSÈY POU TOULEJOU

1. Asire w pitit ou al lekòl regilyèman. Piplis pitit ou al lekòl, piplis l ap kapab reyisi tès li yo.
2. Ankouraje efò pitit ou ap fè yo pou aprann Angle ak tout lòt matyè l ap etidye lekòl la. Lè yon timoun santi fanmi l ap ba l soutyen, sa ankouraje l pou l aprann piplis e sa ede l reyisi tès li yo.
3. Ankouraje pitit ou pou l manje aliman ki sen. Yon timoun ki gen bon sante e ki santi l anfòm pare pou l travay di e pou l aprann lekòl.
4. Asire w pitit ou fè devwa l chak swa. Devwa pitit ou a fè lakay li ede li ak sa li aprann nan salklas la e yo pèmèt pitit ou a antrene plis nan lang Angle.
5. Rankontre souvan ak pwofesè piti ou a pou diskite osijè pwogrè li fè yo. Paran yo dwe travay ansanm ak pwofesè yo pou ede elèv la.
6. Asire w pitit ou a repoze konvnanman chak jou. Timoun ki fatige gen difikilte pou yo konsantre lekòl e yo gen pwoblèm pou pase tès yo byen.

KONSÈY POU JOU TÈS CELLA A

1. Asire w pitit ou a byen repoze epi ke li pran yon tidejene ki sen.
2. Asire w pitit ou a abiye konfòtab epi ke li rive lekòl la alè.
3. Si pitit ou pote linèt oswa pwotèz pou tande byen, asire w pou l sonje mete yo pandan tès la.
4. Si yo sipoze adapte tès la pou pitit ou a kapab pase li (pa egzanp, ba li yon vèsyon tès la ki ekri an gwo lèt), asire w adaptasyon sa yo fèt toutbon.
5. Finalman, ankouraje pitit ou a pou l rilaks. Si yo pale twòp sou enpòtans nòt tès la, timoun la kapab gen angwas, lè konsa li vin pi difisil pou l fè yon trè bon nòt nan tès la.